

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan bisa dicindekkeun sababaraha hal ieu di handap.

- a. Tina abstrak skripsi bahasa Sunda mahasiswa FISIP UNPAS kapanggih aya interférens morfolgis dina wangun ngararangkénan, ngarajék, ngantétkeun, jeung ngawancah. Pola-pola interférens morfolgis anu kapanggih dina ieu panalungtikan diwincik ieu di handap.

- (1) Dina prosés ngaraarangkénan kapanggih dalapan pola interférens ngararangkénan nya éta *préf BS+WDBI*, *WDBI+inf BS*, *WDBI+suf BS*, *WDBI+konf BS*, *WDBS+suf BI*, *WDBS+konf BI*, pola campuran jeung pola unik. Tina dalapan pola tadi, diwincik jadi dua puluh tujuh subpola interférens ngararangkénan *ka-+WDBI*, *di-+WDBI*, *N-+WDBI*, *pa-+WDBI*, *sa-+WDBI*, *-in- + WDBI*, *WDBI+-na*, *WDBI+-keun*, *di-+WDBI+-keun*, *di-+WDBI+-na*, *N-+-um-+WDBI*, *N-+WDBI+-keun*, *pa-+WDBI+-an*, *sa-+WDBI+-na*, *ka-+WDBI+-an*, *N-+WDBI+-i*, *WDBS+-is*, *WDBS+-isme*, *WDBS+pun*, *per-+WDBS+-an*, *N-+WDBK*, *me-+N-+WDBI+-keun*, *di-+per-+WDBI+-keun*, *ter-+WDBI+-na*, sarta pola unik nya éta pola anu sacara prosés morfolgis bener, tapi teu ilahar dipaké nya éta *pang-WDBS*, *ka-WDBS*, jeung *N-WDBS*;

- (2) Dina prosés ngantétkeun kapanggih pola interférens ngantétkeun dumasar kana wangun kecap anu miboga 13 pola nya éta *WDBI+WDBI*, *WDBI+WDBS*, *WRBI+WDBS*, *WDBS+WDBS*, *WRBS+WDBS*, *WRBI+WRBS*, *WDBI+WRBI*, *WRBS+WRBI*, *WRBI+WDBI*, *WDBI+WRBS*, *WRBS+WDBI*, *WRBS+WRBS* jeung pola unik, sarta dumasar kana warna kecap anu miboga tujuh pola nya éta *KB+KB*, *KB+KS*, *KB+KP*, *KP+KS*, *KS+KB*, *KS+KP*, jeung *KS +KS*;

- (3) Interférénsi morfologis ngarajék miboga dua pola nya éta R-dm+R-dr, tapi kecap-kecapna teu ilahar dipaké; jeung
  - (4) Interférénsi morfologis ngawancahanu miboga pola *pengekalan tiga* hurup tungtung kecap asal, sarta hurup mimitina dileungitkeun.
- b. Tina abstrak skripsi bahasa Sunda mahasiswa FISIP UNPAS kapanggih aya interférénsi léksikosemantis dumasar katégori harti jeung dumasar rélasi semantis. Interférénsi léksikosemantis dumasar kategori harti aya wangun kategori harti murni, serepan, jeung rékaan. Wangun katégori harti anu kapanggih dina ieu panalungtikan diwincik ieu di handap.
- (1) Dina prosés interférénsi léksikosemantis dumasar kategori harti wangun murni kapanggih yén dipakéna kecep-kecap murni BI, tur npadahal dina BS ogé aya pikecapeunana nu leuwih mernah.
  - (2) Dina prosés interférénsi léksikosemantis dumasar kategori harti wangun serepan kapanggih yén dipakéna kecep-kecap unsur serepan, dibalukarkeun dina BS can aya pikeun pikecapeunana atawa geus ilahar dipaké, tapi can katulis sacara léksikon.
  - (3) Dina prosés interférénsi léksikosemantis dumasar kategori harti wangun rékaan kapanggih tilu pola interférénsi nu ngawengku interférénsi fonologis, interférénsi tarjamah, jeung interférénsi tarjamahan afiks. Inetrférensí fonologis miboga subpola: *gaganti foném (interférensí substitusi)*, *pola sirnaan (interférensí underférensial)*, jeung *nambahan foném (interférensí overdiférensial)*. Interférensí tarjamahan dibalukarkeun salah narjamahkeun sarta ngalarapkeun kecap. Interférensí tarjamahan afiks miboga subpola *ke → ka, pe → pa, jeung me → nga*.

Sedengkeun interférénsi léksikosemantis dumasar kana rélasi semantis kapanggih yén tatali semantis nu nyampak dina data aya dina wengkuan *prinsip padupak (sinonim)* jeung *prinsip patumpuk (homonim)*.

- c. Tingkat interférénsi morfologis jeung léksikosemantis BI kana BS dina abstrak skripsi, nuduhkeun yén interférénsi léksikosemantis leuwih loba batan

interférensi morfologis. Kamampuh mahasiswa FISIP UNPAS dina nulis abstrak skripsi tingkat interférensi morfologis jeung léksikosemantisna aya dina tingkat anu handap.

## 5.2 Rékomendasi

Dumasar kacindekan di luhur, pikeun ngungkulan masalah interférensi morfologis jeung léksikosemantis tina BI kana BS dina abstrak skripsi mahasiswa FISIP UNPAS aya sabaraha rékomendasi, di antarana:

- a. pikeun pihak nu kalibet, dipiharep sangkan dina tatacara nulis abstrak skripsi nu ngagunakeun BS supaya diperhatikeun bener-bener aturan morfologis jeung léksikosemantisna, sangkan abstrak nu dihasilkeun luyu jeung kaédah-kaédah tatabasa nu baku;
- b. pikeun pihak lembaga, dipiharep méré kawijakan yén dina nulis abstrak basa Sunda téh perlu bimbingan ti pihak anu ahli dina basa Sunda, leuwih hadé upama aya mata kuliah atawa *pengayaan* ngeunaan basa Sunda; jeung
- c. pikeun pihak panalungtik, ieu panalungtikan ngan saukur nalungtik interférensi morfologis jeung léksikosemantisna. Tangtu wae, can bisa méré gambaran sacara gembleng ngeunaan interférensi, lantaran loba aspék interférensi séjén anu can katalungtik.